



Pou Piblikasyon Imedya: 28/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU MWA ISTWA NWA YO NAN PAK ETA YO

Evènman, plas, pwogram ak kontni vityèl yo prezante enpak Afriken Ameriken yo sou istwa Eta a

Gouvènè Kathy Hochul envite Nouyòkè yo ede selebre kontribisyon Afriken Ameriken yo nan istwa eta a pandan Mwa Istwa Nwa yo atravè evènman, pwogramasyon anliy ak vizit nan Pak Eta yo ak sit istorik yo.

"Eta New York se fwaye eritaj kiltirèl enkwayab pou Mwa Istwa Nwa yo, epi pak ak sit istorik nou yo ba nou yon chans pou relete kontribisyon inestimab kominote Afriken Ameriken yo te fè ansanm ak lit ak defi ke anpil toujou ap eksperimente jodi a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap selebre Mwa Istwa Nwa yo, sa depann de chak nan nou pou fè tout sa ki nan pouvwa nou pou konstui yon pi bon sosyete, ki pi jis. Divize, n ap febli tou sèl - men ini, nou monte ansanm."

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Yon pati nan misyon nou se pou pwoteje epi prezève eritaj istorik eta a, epi pou elaji istwa nou rakonte yo pou pi byen antre moun ki te mal reprezante nan tan pase. Mwen ankouraje tout Nouyòkè pou pwofite nan kèk nan pwogramasyon ki angaje nou pandan Mwa Istwa Nwa yo".

Komisè pa enterim OGS, Jeanette Moy, te deklare, "OGS fyè pou akeyi ekspozisyon Mwa Istwa Nwa Pak Eta yo nan the Empire State Plaza. Nou ankouraje Nouyòkè yo vizite prezantasyon sa ansanm ak yon seri lòt prezantasyon sou rasanbleman an pou aprann plis sou kontribisyon inonbrab Afriken Ameriken yo te fè sou istwa Eta nou an epi relete soufrans imans Afriken ki te nan esklavaj yo te andire nan kad komès esklav transatlantik la."

Yon aksan ap yon prezantasyon nan Empire State Plaza nan Albany sou enpak rezo komès esklav Olandè 17yèm syèk la nan Amerik Dinò, Atlantik, ak Afrik, ki gen tit "Yon Komès Dezonorab: Trafik Imen nan Mond Atlantik Olandè a" (A Dishonorable Trade: Human Trafficking in the Dutch Atlantic World).

Apati 26 janvyè toupri antre loby plaza Madison Avenue a, ekspozisyon an eksplòre entèkoneksyon rezo komès Afriken, Karibeyen, Sid Ameriken, Ameriken Dinò ak Ewopeyen, Dutch West India Company epi li mete aksan sou aktivite ant Kiraso ak Nouvèl Oland, ki te vin tounen koloni Anglè New York pi ta epi apre Eta New York.

Ekspozisyon an egzamine wòl esklavaj la te jwe nan kreyasyon ak mentnans anpi komès Olandè a ak enpak sou lavi moun ki te nan esklavaj yo komès sa te afekte.

Ekspozisyon an, ke anplwaye Pak yo kreye ak sipò yon sibvansyon ki soti nan Gilder Lehrman Center pou Etid sou Esklavaj, Abolisyon ak Rezistans nan Inivèsite Yale, ak yon sesyon etid imèsif nan Enstiti Istwa Piblik Yale nan Inivèsite Yale, ki te prezante nan Sit Istorik Eta a Crailo (Crailo State Historic Site) nan Konte Rensselaer soti 2015 rive 2018. Pi ta yo te pase li nan Sosyete Istwa Konte Schenectady (Schenectady County Historical Society) apre sa yo te prezante l nan Sit Istorik Mabee Farm nan Rotterdam Junction.

Mwa Istwa Nwa yo retrase orijin li jiska 1915 ak selebrasyon 50yèm anivèsè nasyonal emansipasyon an nan Chicago, kote istoryen, otè ak jounalis Afriken Ameriken Carter G. Woodson òganize yon ekspozisyon listwa. An 1926, Woodson te chwazi dezyèm semèn nan fevriye pou Semèn Istwa Nèg kòm hyon evènman pou tout peyi a. Li te devlope an yon selebrasyon yon mwa epi yo te rekonèt li nan nivo federal pa Prezidan Gerald Ford nan 1976 pandan Bisantnè Ameriken an.

Pou aprann plis sou lavi ak travay Doktè Woodson ak finansman li pou Asosyasyon pou Etid Lavi ak Istwa Afriken Ameriken (Association for the Study of African American Life and History, ASALH), vizite <https://asalh.org>.

Evènman ak pwogramasyon nan Pak Eta yo ki pwograme pou fevriye genyen ladan yo:

- "Piyonye nan Lasyans (Pioneers in Science)", Rezèv Pak Eta Connetquot River, 10:30 a.m. jiska 12:30 p.m., 13 fevriye - Aprann sou kontribisyon nan fondman syans modèn yo pa syantifik Nwa epi gade demonstrasyon eksperyans ki enpòtan. Enskripsyon obligatwa sou [Eventbrite.com](https://www.eventbrite.com), apre sa chèche #NatureAdventure.
- "Zèv Atistik pa Basquiat (Art by Basquiat)," Rezèv Pak Eta Connetquot River, 1:30 jiska 3 p.m. 19 fevriye - Defen Jean-Michel Basquiat te yon atis Afriken Ameriken ke travay li te penn omaj pou figi istorik, mizisyen djaz, pèsonalite espòtif ak ekriyen Afriken Ameriken, ansanm ak yon seri oto-pòtrè ak lòt travay ki itilize kòmantè sosyal kòm yon zouti pou enspeksyon. Y ap ankouraje patisipan yo itilize enspirasyon sa pou penn pwòp pòtrè yo. Rezèvasyon yo disponib de semèn anvan evènman an sou [Eventbrite.com](https://www.eventbrite.com) epi apre sa chèche #NatureAdventure.
- "Ranplasan, Sèvitè ak Sòlda: Prezans Nwa yo nan Kanton New Windsor (Substitutes, Servants and Soldiers: The Black Presence at New Windsor Cantonment)," Sit Istorik Clermont State, 2 p.m. 19 fevriye - Pandan ivè 1782-1783, pami 7,500 sòlda Lame Kontinantal la ki te chape nan New Windsor bò kote sòldan desandan Afriken yo, ki te rejwenn ak pwòp volonte yo oswa kòm ranplasan pou moun ki te revandike pwopriyete yo. Aprann plis sou sòlda sa yo ak kontribisyon yo nan dènye kanpman Lagè Revolisyonè Ameriken an. Se Matthew Thorenz k ap prezante pwogram nan, responsab Referans ak Sèvis

pou Adilt nan Bibliyotèk Moffat Washingtonville. Thorenz se yon istoryen endepandan tou ki te travay kòm yon edikatè nan mize nan sit Istorik Eta nan Kanton Windsor pandan sèt lane, lè li te mennen rechèch sa. Li te pibliye plizyè atik sou Revolisyon Ameriken an ak Premyè Gè Mondyal la. Mask obligatwa pou patisipe nan evènman sa. Enskripsyon alavans nan <https://www.friendsofclermont.org/events>

- "Eksploratè Planèt (Planet Explorers)," Rezèv Pak Eta Connetquot River, 6:30 jiska 8:30 p.m., 25 fevriye - Aprann sou kontribisyon astwonòt Nwa ak astwonòt yo pandan w ap obsève etwal yo, si tan an pèmèt. Enskripsyon obligatwa sou [Eventbrite.com](https://www.eventbrite.com), apre sa chèche #NatureAdventure.

Chak jedi nan mwa fevriye a, manm pèsònèl nan Sit Istorik Schuyler Mansion State nan vil Albany ap fè yon pòtrè istorik de fanmi Schuyler epi reentèprete li nan yon pèspektiv istwa Nwa. Mansyon an se ansyen kay Philip Schuyler, yon jeneral Lagè Revolisyonè, Senatè Ameriken, ak yon òm dafè ki te gen esklav tou sou domèn li a. Pwogram nan ap fèt sou Instagram epi ou ka lokalize li lè w itilize hashtag #schuylermansion.

Nan Sit Istorik John Jay Homestead la nan Konte Westchester, y ap fè yon lekti vityèl a 6 p.m. 24 fevriye ki egzamine eritaj esklavaj atravè sèt jenerasyon nan fanmi Jay. John Jay te yon figi enpòtan nan Revolisyon Ameriken an epi li te ede negosye trete lapè a ak Angletè nan fen lagè a.

Evènman an egzije enskripsyon nan www.johnjayhomestead.org Sitwèb la prezante tou ekspozisyon vityèl, pwogram lekòl ak tou ki eksplòre tou istwa fanmi Jay antanke esklavajis, ak devouman jenerasyon Jays apre yo pou koz abolisyon esklavaj la.

Nan Rejyon Long Island lan, Jones Beach Energy & Nature Center ap fè yon depistaj yon fim a 2 p.m. 26 fevriye ki gen tit "Fokonye a (The Falconer)," yon dokiman tè sou Fokonye Afriken Ameriken Rodney Stotts ki te itilize ansyen espò a pou ede chanje lavi li, apre sa pou ede jèn nan sant vil la jwenn yon pi bon wout. Li te gen yon gwoup san bi likratif, Wings Over America, ki fè pwomosyon vizit nan lekòl nan zòn Washington, D.C.

Fim nan ap disponib anliy tou sou sitwèb sant lan, <https://www.jonesbeachenc.org/>, soti 24 fevriye rive 28 fevriye.

Plizyè Pak Eta nan rejyon Long Island lan ap prezante ekspozisyon sou Afriken Ameriken, ki enkli Sant Edikasyon Anviwònman ak Rezistans (Environmental Education and Resiliency Center) nan Pak Eta Hempstead Lake; West Hempstead; Sant Enèji ak Lanati nan Pwent Lwès (Energy & Nature Center-West End), nan Pak Eta Jones Beach, Wantagh; Pak Eta Jones Beach, Field 4, Central Mall, Wantagh; Regional Headquarters Lobby nan Pak Eta Long Island, Babylon; Pak Eta Nissequogue River, Kings Park - Bilding Administratif; ak Sant Vizitè nan Pak Istorik Eta Planting Fields Arboretum, Oyster Bay. Kontakte chak etablisman pou lè yo.

Blòg Pak Eta yo gen piblikasyon resan tou sou atik istorik Afriken Ameriken, ki genyen ladan yo fèt Afriken Ameriken sou epòk kolonyal Olandè nan Pinkster, Abolisyonis 19yèm syèk Sojourner Truth ak lavi li nan Hudson Valley, fèt emansipasyon 19yèm syèk diznèf jwen an, kreyasyon yon kominote Afriken Ameriken nan Adirondack yo pandan mitan 19yèm syèk la, estasyonman sòlda Afriken Ameriken yo nan Fort Ontario nan tounan 20yèm syèk la, ak wòl lidè Afriken Ameriken nan Kò Konsèvasyon Sivil nan Eta New York pandan Gran Depresyon an.

Pak Eta yo gen yon rezime sou atik sa yo sou sitwèb la ak plis ankò anliy sou <https://parks.ny.gov/history/black-history/default.aspx>.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite www.parks.ny.gov, telechaje aplikasyon mobil NY State Parks Explorer la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epitou, konekte sou Facebook, Instagram ak Twitter.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418